

## Pwojè Enstalasyon yon Estasyon Regilasyon nan ang Ridge Road & Dutch Broadway



This is an important notice. Please have it translated.

Este es un aviso importante. Sírvase mandarlo traducir.

Este é um aviso importante. Quiera mandá-lo traduzir.

Avis important. Veuillez traduire immédiatement.

Questa è un'informazione importante, si prega di tradurla.

Это очень важное сообщение. Пожалуйста, попросите чтобы вам его перевели.

இது ஒரு மிக விதைச்சி ஆகும். பிரச்சினை செய்யவேண்டும்.

Dies ist ein wichtiger Hinweis. Bitte lassen Sie es übersetzen.

Αυτή είναι μια σημαντική ειδοποίηση. Σε παρακαλώ, μετέφρασέ το.

Đây là một thông báo quan trọng. Xin hãy dịch nó.

這是個重要的通知。請翻譯一下。

이것은 중요한 공지입니다. 번역해 주세요.

これは重要な通知です。翻訳してもらってください。

הזה אמת תתר גרא בבעקש. ה זה שbow. ה זה שbow. ה זה שbow.

Sa se yon avi ki enpòtan. Tanpri fè tradui l.

## Pwojè konstriksyon ki plànifye pou katye w la

Chè Mesye oswa Madam,

Enèji jwe yon wòl enpòtan nan lavi nou chak jou epi li garanti byennèt kominate nou an. Se poutèt sa n ap envesti nan amelyorasyon enfrastrikti k ap ede nou bay kliyan nou yo gaz natirèl ki san danje epi ki fyab nan àne k ap vini yo.

National Grid ekri w pou I fè w konnen li gen plan pou I reyalize yon pwojè nan katye w la. Pwojè sa a ap fèt nan ang Ridge Road ak Dutch Broadway, anfas Elmont Memorial Junior-Senior High School. Pwojè a pral amelyore epi modènize Estasyon Regilasyon ki egziste nan zòn Dutch Broadway la. Yo prevwa kòmanse konstriksyon an nan mwa me 2022 a. Tanpri al gade kat ki nan pwochen paj la kòm referans.

### Nou pral travay nan katye w la.

**Dat:** Yo prevwa kòmanse an me 2022.

**Dat finisman:** Out 2022.

**Kantite jou ak lè pou konstriksyon an:** Lè travay pou yon jounen: 7 è nan maten jiska 4 è nan aprèmidi (pafwa ka gen travay pa okazyon nan jou ki pa jou lasemèn tou).  
\*Orè a ka chanje

**Ki kote:** Nan ang Ridge Road ak Dutch Broadway, Elmont NY

**Men a kisa ou ka atann pandan konstriksyon an.**

**Tanpri ou mèt konnen National Grid ak kontraktè li yo ap rete vijilan pandan y ap kontinye respekte tout konsiy sekirite COVID 19 ke CDC, Eta New York , ak otorite lokal nou yo ki responsab pou bay pèmi yo bay pou n ka pwoteje anplwaye nou yo, kliyan yo ak piblik la. Pou plis enfòmasyon sou reyaksyon National Grid pa rapò a COVID 19 la, tanpri vizite: [ngrid.com/covid\\_19](http://ngrid.com/covid_19)**

### Travay yo abitye fè a gaz natirèl yo gen ladan yo:

- Make kote sèvis piblik anba tè yo ye nan zòn kote y ap fè pwojè a (pa egzanp, dlo, tou rego, gaz, elektrisite, elatriye).
- Fouye wout la ak/oswa twotwa a ak fè nouvo wout pou gaz.
- Deranjman pwovizwa pakin nan lari a.
- Aranjman pwovizwa epi apre sa a, aranjman pèmanan nan zòn yo te deranje yo selon rekòmandasyon Ministè Transpò (DOT) yo.

**Trafik:** Ap genyen men I ap modifye pandan lè konstriksyon yo. Ap gen yon moun sou plas ki pou fè sikilasyon pandan lè travay yo pou dirije machin yo san danje.

### Ou pran sant gaz. Aji vit.

DEPLASE fanmi w ak bèt ki lakay ou al nan yon zòn ki an sekirite andeyò zòn ou ye a, epi rele 911 oswa avèti nimewo ijans pou gaz National Grid la 1-800-490-0045 ki Long Island ak Rockaway Peninsula. Pa jamn sipoze yon lòt moun ap rele nan plas ou.

# Lèt Prezantasyon Pwojè a

## Mizajou sou Pwojè Enstalasyon Estasyon Regilasyon an

**Tanpri sonje:** Chema sikilasyon an chanje, l ap fèt nan sans inik nan direksyon nò sou Ridge Road ak nan direksyon lwès sou Leighton Road. Y ap mete pàno devyasyon ak pàno konstriksyon. Lè konstriksyon an fini pou jounen an, y ap sekirize chantye a epi y ap mete plak sou li. Ap gen yon pasaj pou pyeton k ap disponib pou elèv bis vin depoze yo sou bò lwès Ridge road la.

Sekirite se priorite nou, tanpri fè atansyon a chantye a ni pandan ni apre lè konstriksyon yo. Tanpri plànifye davans epi itilize lòt wout si sa a posib.

### Sansibilizasyon Kont Eskwokri- Rapèl Enpòtan:

- Anplwaye ak tout kontraktè National Grid yo gen kat idantite ki gen foto yo. Si yon moun mande w pou l antre anndan lakay ou oswa nan biznis ou epi li pa montre bon pyès idantite a, pa kite l antre. Tanpri rele National Grid nan 1-718-643-4050 oswa lapolis nan zòn ou an.
- National Grid p ap mande pou yo peye nan kad travay k ap fèt sou teren yo. Si yo mande w lajan nan kad sèvis sa yo, pa bay li epi tanpri rele nou imedyatman.

Nou pran angajman pou nou bay ekip nou yo, kontraktè nou yo ak kliyan nou yo, sekirite. Pou sekirite w, tanpri pa antre nan zòn travay yo pandan y ap fè konstriksyon an. Si ou pran sant gaz, rele 9-1-1 imedyatman. Epitou, ou dwe konnen tout anplwaye National Grid yo dwe mete yon badj ki gen foto yo.

Nou apresye tout kolaborasyon w ak èd ou bay pandan n ap avanse ak pwojè sa a an tout sekirite. Nou apresye kominate w la, opinyon w ak sipò w. Tanpri pa ezite kontakte nou si w gen nenpòt kesyon oswa preyokipasyon konsènan pwojè a.

### Pou kliyan National Grid nou genyen nan moman an yo.

Yo p ap kanpe sèvis gaz ou a pandan pwojè sa a.

Nou la pou ou si w gen nenpòt kesyon sou pwojè a. Tanpri vizite sit entènèt nou an:

[www.ngrid.com/nl25](http://www.ngrid.com/nl25)

Sensèman,

### Lissette A. Lugo

Espesyalis prensipal jesyon moun ki konsène yo

Telefòn: 631-755-5338

Imel: [box.liprojects@nationalgrid.com](mailto:box.liprojects@nationalgrid.com)

Sit entènèt: [ngid.com/nl25](http://ngid.com/nl25)

**Kat pwojè a**  
Ridge Road ak Dutch Broadway

